*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 141 (25870)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 5 август — майрæмы мæйы 5 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХУССАР ИРЫСТОНÆЙ
*Хуыйæн фабричы 10 азы*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*Æлутон*

4 НАРТЫ ÆФСЫМÆРТÆ
*Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг*

**Нысантæ**

## Иувæрсты цæуæг фæндаг

**Дзæуджыхъæуы иувæрсты цæуæг фæндаджы цæттæдзинад 50 процентмæ схæццæ. Ныхас цæуы автотрассæ Р-217-йы "Кавказ" -ы фæндаджы 15 километры хайыл. Фæндаг цæуы Цæгат Ирыстоны сæйраг горæт Дзæуджыхъæуы иувæрсты (10-æм æй 25-æм километры онг). Объекты архайынц 300 фæндагон аразæджы æмæ 150 сæрмагон техникæйы иуæджы.**

Ныры онг кусджытæ скодтой археологон ракъахтытæ, инженерон коммуникацитæ æндæр ууылты ауагътой, арæзтады фæзуат бацæттæ кодтой. Йæ дæргъ 8 километры кæмæн у, уыцы хайыл сæвæрдтой зæххон уæлцъар, рамраст



кæныны нысанимæ 3 километрыл сæвæрдтой асфальтбетоны змæст. Æддагон электрон рухсы 650 цæджындзы сæвæрдтой.

Проекты ахсджиагдæр нысантæ сты транзитон транспорт горæтæй æддæмæ рахæссын, "Кавказ"-ы фæндаджы рахизæн фæпарахатдæр кæнын. Ныртæккæ объекты зæххы уæлцъар фидар кæнынц, æппæт рахизæнтæ аразынц. Донуадзыны скондтæ кæнынц æмæ æвæрынц æддагон электрон рухсытæ.

Дзæуджыхъæуы иувæрсты цæуæг фæндаг стыр удæнцойдзинæдтæ æрхæсдзæн шофыртæн, горæты æмæ республикæйы цæрджытæн.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Кусæг æмбырд**

## Рауагъдад "Ир"-ы райрæзтæн

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис Дзæуджыхъæуы бабæрæг кодта национ рауагъдад "Ир". Фæндыд æй рауагъдады куыстимæ базонгæ уæвын æмæ сæвзæргæ тыхстдзинæдтæ аиуварс кæнын.**

Ныхасы рæстæг Хицауады Сæрдар базыдта, чингуытæ мыхуыры рауадзыны агъоммæ редактортæ æмæ техникон кусджытæ цавæр куыст бакæнынц, уый. Национ рауагъдад "Ир"-ы сæйраг нысантæ раздæрау сты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фысджыты, ахуыргæндты, педагогты фæллæйттæ дунейы рухсмæ уадзын. Ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл уадзынц аивадон, наукон, ахуырадон æмæ методикон литературæ.

Рауагъдады разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Боцойты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ кусынц 60 бынæттон авторимæ. Фæлæ фæстаг рæстæг куысты бæрц фæкъаддæр. Фæстæдæр кусæг æмбырды рæгъмæ рахастой национ рауагъдады тыхстдзинæдтæ, рæзты нысантæ. Æмбырды архайдтой Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты, министрадты



æмæ ведомствæты разамонджытæ.

Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ис лыггæнинаг фарстатæ æмæ сæм кæсын нал хъæуы. "Ахæм хæс нын нæ размæ æвæры республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Уавæр равзарут æмæ уæ фæндæттæ бахæссут.

Фыццагдæр уал рауадзгæ продукцийы бæрц фæфылдæр кæнын хъæуы, рауагъдады специалисттæ æххæстæй куыд кусой, афтæ. Цыбыр æмгъуыдмæ нæм хъуамæ фæзына рауагъдады нывылгонд хуыз", — бацамыдта Хицауады Сæрдар.

Кусæг æмбырды архайджытæ уыдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады Администрацийы хицауы фыццаг хæдивæг **Ортабайты Виктор**, финансон ведомствæйы разамонæг **Исахъты Олег**, ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Дзанайты Марк**, экономикон рæзты министры хæдивæг **Туаты Георги**, мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдар **Фидараты Юри**, Цæстдарæнревизион управленийы разамонæг **Дзугкойты Алан**.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Задæлескы Нанайы кадæн**

## Арфæ



**Цæгат Ирыстоны кадджын цæрджытæ!**

**Задæлескы Нанайы бон ацы аз фыццаг хатт бæрæг кæнæм Цæгат Ирыстоны национ бæрæгбонау. Уый дзаг у цины хъуыдытæй, хорз æнкъарæнтæй. Задæлескы Нанайы кадæг Ирыстоны алы цæрæг дæр зоны. Тимуры халæн æрбабырсты рæстæг сылгоймаг фервæзын кодта нацийы фидæн, историйы баззад хъармдзинады, адæймагуарзондзинады, фæлмæнзæрдæйы хицауæй. Йæ сурæт æнустæм баиу нæ адæмы генетикон зæрдылдарынад æмæ нæм хæстæгдæр чи у, уыдонмæ уарзондзинады.**

**Сывæллætты хъахъхъæнгæйæ, хъомыл кæнгæйæ, узæлгæйæ Задæлескы Нана æнусты сæрты иу кæны алыхуызон адæмыхæттыты, динты, цардарæзты минæвæртты. Ирыстоны алы къуымты сывæллæттыл чи аудыдта, чи сæ бахъахъхъæдта, уыцы иннæ сылгоймæгты сурæттæ æрбамбырд кодта Задæлескы Нана. Сæ нæмттæ нæ баззадысты, фæлæ сæ къухы бафтыд царды æмæ уарзондзинады хъæбатырдзинад.**

**Ацы бæрæгбон мæ фæнды республикæйы æппæт цæрджытæн фарн, хæдзары къонайы хъармæй раарфæ кæнын. Уарзондзинад уын уæ фидæн кæддæриддæр хъахъхъæнæд, рухс талынг куыд сафы, нæ сывæллæтты худт нæ сабыр арвы бын хъуысæд!**

**Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, зынаргъ æмбæстæгтæ! Кæрæдзийы хъахъхъæнут, аргъ кæнут, зæрдæты хъарм хиуæттæн æмæ хæстæг адæмæн лæвар кæнут!**

***ТУСКЪАТЫ Таймураз,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар***

**6 августы — Æфсæнвæндаджы кусæджы бон**

## Уæрæсейы транспортон хызæджы ахсджиагдæр "дадзинтæ"

**Уæрæсейы цы профессион бæрæгбæттæ ис, уыдонæн сæ рагондæр, æнæмæнг, у Æфсæнвæндаджы кусæджы бон. Ацы бон бæрæг кæнын райдыдтой XIX æнусы кæрон. Ныртæккæ та нæ бæстæйы ацы къабазы кусджыты профессион бæрæгбон вæййы августы фыццаг хуыцаубоны. Хæстæгдæр рæстæг сæ профессион бæрæгбоны фæдыл зæрдиагдæр арфæтæ чи райсдзæн, уыдонимæ уыдзысты Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы станцæйы кусджытæ.**

Нырыккон Уæрæсейы æфсæнвæндæгтæ сты, бæстæйы æппæт регионтæ кæрæдзиуыл æнгом чи бæтты, ахæм уæрæх æмæ хъомысджын хызæг. Уыимæ, æмткæй райсгæйæ, бæстæйы транспортон системæйы сæйрагдæр къабаз æфсæнвæндаг у. Уый хыгъдмæ хауы æппæт транспортон лæггæдтæн сæ 40 процентæй фылдæр.



ЧЕГЕМТЫ Руслан

Акционерон æхсæнад "Уæрæсейы æфсæнвæндæгтæ"-йы æнæкъуыхцы æмæ ахадгæ архайд аразгæ у, компанийы цы 700 мин адæймаджы бæрц кусы, уыдоны æрвылбоны æвæллайгæ куыстæй. Уыцы хъомысджын системæйы æнтыстджын архайдмæ сæ бавæрæн хæссынц Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы станцæйы кусджытæ дæр. Уыдон — сæрд æмæ зымæгмæ, кæнæ æхсæв æмæ бонмæ нæ кæсгæйæ — бæрнонæй æххæст кæнынц сæ размæвæрд хæстæ.

Æмæ кæд, абаргæйæ, станцæйы товарон кæрты коллективы уæнгты нымæц афтæ бирæ нæу — 40 адæймагмæ 'ввахс, уæддæр сын æнтысы бæрнон æмæ бæстон архайд. Зæгъæм, 2023 азы фыццаг æмбисы станцæмæ æрбацыд 7 300 вагонæй фылдæр алыхуызон продукци æмæ æндæр уæзæгтимæ, Дзæуджыхъæуæй иннæ уæрæсейаг регионтæм та ахæм уæзæгтимæ станцæйæ арвыстæуыд 3 300 вагонæй фылдæр. Æмæ æппæт уыцы вагæттæ æмæ уæзæгтимæ куыстытæ æххæстгонд цæуынц æнæкъуылымпыйæ.

Ахæм зæрдæзæгъгæ архайдæн йæ бындур, кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаджы-фыццагдæр, у коллективæн йæ æмзонд æмæ æмхъару куыст. Станцæйы архайдæн арæхстджын разамынд дæтты фæлтæрдджын специалист **Чегемты Руслан**. Чегемыфырт йæ хæдивджытæ æмæ иннæ специалисттимæ рæстаг фæткыл аразы æппæт дæлхайæдты куыст, цæмæй заказгæнджытæ дæр разы уой станцæйы лæггæдтæй, стæй коллективы фæллойгæнджытæ дæр сæ фыдæбонæй райгонд уой. "Коллективы кусы алы кары адæм. Æмæ райдай фæлтæрдджындæртæй æмæ фæу æрыгондæртæй — се 'ппæт дæр кусынц æмдыхæй, иу иннæйы ныфсыл æфтауы. Æмæ уый фæрцы æфты нæ къухы æнтыстытæ", — радзырдта нын Руслан.

Афтæмæй станцæйы товарон кæрт иудадзыгдæр æмызмæлд кæны. Кæцыфæнды рæстæг дæр сæ куысты уæлхъус сты станцæйы радгæс, поездты фæтк араздзжытæ, вагæттæ æмæ уæзæгты уавæрмæ цæстдарджытæ æмæ иннæ специалисттæ... Æнæрынцойæ æххæст кæнынц сæ бæрнон куыст.



Уæзæгты уавæрмæ цæстдарæг ДЖИОТЫ Жаннæ, посты радгæс Михаил ШУЛЬГА, станцæйы хицауы хæдивæг АБАЙТЫ Мæри æмæ уæзæгты уавæрмæ цæстдарæг ХЪОДЗАТЫ Вероникæ



Машинист Илья СОБОЛЕВ

Бæрæгбон арфæтæй фидауы. Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы станцæйы кусджытыл ацы бонты цы бирæ арфæтæ сæмбæлдзæн, уыдонимæ æмзæрдæ у "Рæстдзинад" дæр. Кæддæриддæр зæрдæрухсæй æмбæлут уæ профессион бæрæгбоныл, уæ фæллойæ алкæддæр райгонд ут!

**СЛАНТЫ Аслан,**
**къамтæ систа**
**ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Архайд**

## Мæнг æхца рабæрæг

**Ацы азы фыццаг æхсæз мæйы дæргъы республикæйы рабæрæг кодтой æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнтæм балæвæрдтой Уæрæсейы Банчы æхцайы мæнг 14 банкнотæйы. Зæгъæм, фарон ахæм æмгъуыдмæ уыдысты 25 купюрæйы.**

Зилдухæй систой æхсæз фондзминон банкнотæйы æмæ дыууæ сæдæсомын купюрæйы. Уæрæсейы Банчы цæгатирыстойнаг хайады бæрнон кусæг **Едзойты Азæмæт** куыд зæгъы, афтæмæй кæд æхцайыл фæгуырсходæ, уæд æй, æппынæдзух æхцаимæ кусæг, кæцыфæнды банчы экспертизæмæ бахæсс. "Кæд æй æмбарыс, мæнг æхца у, уый, уæд дзы ма пайда кæн. Хъуамæ уайтагъд дæ фæндаг барадхъахъхъæнджытæм скæнай", — зæгъы банчы хайады кусæг.

Зилдухы уæвæг банкнотæты æцæгдзинад хъахъхъæнæн нысантæ фенæн ис Уæрæсейы Банчы сайтыл.



**Уæрæсейы Банчы цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

**Коммуналон хæдзарад**

## Ног лифттæ æвæрынц

**Цæгат Ирыстоны ныр æстæм аз ивынц рагон лифттæ, сæ нымæц 431-мæ схæццæ. Уыцы хабæрттæ фехъусын кодта Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрады пресс-службæ. Ног лифты 100 иуæджы республикæйæн балæвар кодта Цæгат Ирыстонæй рацæуæг ДЗИУАТЫ Алыксандр.**



Æртæ азмæ хъуамæ Дзæуджыхъæуы лифттæ раивой, азмæ — 50 ног лифты æвæрдзысты. Хъуыддæгтæ конд цæуынц программæ "Иумæйаг исбон æмæ бирæфатерджын хæдзæртты бындурон цалцæг"-ы фæрцы. Иу хæрдмæ исæн баивыны аргъ ныртæккæ у 2,6 милуан сомы. Уырдæм хауы рагон лифт сисыны æмæ шахтæйы цалцæг дæр.

Пресс-службæйы кусæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ацы аз "АСК"-имæ бафыстой бадзырд, уыдон раивдзысты 18 бирæфатерон хæдзары 50 лифты. Ныр куыстытæм бавнæлдтой.

Цæмæй лифты хæрдмæ исæн баивой, уый тыххæй хъуамæ разамынддæттæг компанитæ æмæ хæдзæртты хицæутты æмбалад Бындурон цалцæджы фондмæ барвитой хатдзæгтæ. Фонд программæйы æххуысæй 2009 азæй 2013 азмæ Дзæуджыхъæуы баивта лифтты 185 хæрдмæ исæны.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

## Дзырды фарн

*Цы фыссæг йæ тигъ раздаха цардмæ, цы фыссæг сфæлмæца адæмæй, уый, хæххон дидинæгау, æрæппардзæн йæ базыртæ, æмæ дзы хус къæцæлы йеддæмæ ницыуал баззайдзæн.*

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **5 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **28-33 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **28-30 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,20

**Хурыскаст** — 04,56
**Хурныгуылд** — 19,16

**Валютæйы аргъ**

**Доллар** — 91,17 ↑
**Евро** — 100,42 ↑

12+

**Хуссар Ирыстонæй**

# ”БТК-4”: хуыйæн фабричы 10 азы

**Уæрæсейаг компани ”БТК-4”-йы Цхинвалы хуыйæн фабрикыл сæххæст 10 азы. Уыцы цауы фæдыл кадджын æмбырд арæзт æрцыд Цхинвалы.**



Хуыйæн куыстады минæвæрттæн сæ бæрæгбоны фæдыл арфæ ракодтой Хуссар Ирыстоны Хицауады Сæрдар **Джусойты Константин** æмæ иннæ кадджын уазджытæ.

"БТК-4" ныртæккæ у, раззагдæр куыстадон технологитæй кæм пайда кæнынц, ахæм компани. Коллективы бæрзонд професcион дæсныдзинады, куысты хæрзхъæддзинадмæ бæстон цæстдарды фæрцы компанийы продукци алкæддæр фæндаг ары фæлхасгæнджыты зæрдæтæм. Уыимæ, уæлдай æхсызгон у, Президент **Гаглойты Алан** цы арфæйы фыстæг æрбарвыста, уым.

Джусойты Константин куыстады раззагдæрты схорзæхджын кодта Хуссар Ирыстоны Кады грамотæтæ æмæ УФ-йы Президенты Арфæйы фыстæджытæй. Уымæй уæлдай, коллективы минæвæртты къордæн саккаг кодтой компаниты къорд "БТК-4 групп"-ы ведомствæйон хæрзиуджытæ дæр. Цхинвалы хуыйæн фабричы директор **Цакъоты Артурæн** та лæвæрд æрцыд хуссарирыстойнаг "Хæлардзинады орден".

Зæгъын хъæуы, Цхинвалы хуыйæн фабричы ныртæккæ фабричы разамынд куыстады дарддæры райрæзтыл иудадзыгдæр кæй кусынц, уый", — загъд ис, Цхинвалы хуыйæн фабричы коллективы номыл республикæйы 500 адæймаджы бæрц кæй кусы, уый дæр.



*(Информацион агентад "Рес")*

**Номарæн**

# Хъæбатыры ном баззад

**Гуыбаты Артур райгуырд 1994 азы æртхъирæны мæйы 23 боны. Схъомыл æмæ фæци каст скъола Къостайы хъæуы. Фараст къласы куы фæци, уæд бацыд Арæзтадон техникуммæ, диплом райста æмæ дарддæр ахуыр кæнынмæ бацыд Хæххон паддзахадон аграрон университеты ”Автомобилон факултетмæ”.**

2014 азы кæфты мæйы астæу Артурмæ фæсидтысты æвæстиат службæмæ. Службæ кодта Мæскуыйы бынмæ Нарофоминскы сахары Кантемировы дивизийы. Кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодта йæ службæйы рæстæг, уæд ын ской кодтой контракты тыххæй. Бирæ йыл нæ хъуыды кодта — сразы ис, æмæ гæххæтт бафыста.

Ногæй контракт бафыста 2018 азы Пермы сахары. Йæ контракты рæстæг куы фæци, уæд æй бафæндыд Цæгат Ирыстонмæ рацæуын æмæ дарддæр ам службæ æххæст кæнын.

Цæгат Ирыстон-Аланийы Спутникы поселочы 58 Æфсадмæ куыстагур бацыд



2022 азы, джеоргуыбайы мæйы астæу æй райстой куыстмæ. Уыцы мæйы кæрон æй акодтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг 291-æм бригадмæ. Уым ссис, дардмæ чи æхсы, ахæм сармадзан мысанмæ хистæр аразæг.

Æртхъирæны мæйы кæрон Артур дыууæ хатты фæцæф — йæ къах æмæ галиу фарс. Госпитæлы фæстæ загъта, цæмæй йæ фæстæмæ арвитой тæккæ раззагдæр, тæккæ тæссагдæр бынатмæ.

Зæрдæвæрæны мæйы 27 боны Артур дыууæ афицеримæ "КАМаз"-ыл ластой сæ танкæн сармадзаны нæмгуытæ. Фæндагыл сыл схæцыд танк рæмудзæн знаджы минæ.

Æртæйæ дæр фæмард сты. Уыцы хабар æрцыд Орехово æмæ Васильевкæйы поселокты астæу.

**ГУЫБАТЫ Витали, Паддзахадон автоинспекцийы ветеран**

**Фыдбæллæхты фæстиуæгæн**

# Гуманитарон æххуыс — Уæрæсейы Сырх дзуарæй

**Ацы сæрд та ныл æрдз йæ тых æвзары, алы бон дæр йемæ æрдзон фыдбылызтæ хæссы. Фыдбæллæхтæ Цæгат Ирыстонæй дæр сæхи нæ фæиуварс кодтой — тыхджын раивылдысты цæугæдæттæ. Фæлæ уый фæстиуæгæн хъыгдард баййафæг адæм æнæххуысæй нæ баззадысты, куыд паддзахады структурæты, афтæ хицæн адæймæгты ’рдыгæй дæр. Гуманитарон æххуыс сын æрбарвыста Уæрæсейы Сырх дзуары разамынд дæр.**

"Бирæ адæмтæ нæм æрбадзырдтой æххуысагур, — дзуры Сырх дзуары цæгатирыстойнаг регионалон хайады сæрдар **Хъуысаты Иринæ**, — æмæ сæм хъуамæ не 'ргом куыд нæ раздæхтаиккам. Бауынаффæ кодтам нæ сæрмæ уыцы организаци — Уæрæсейы Сырх дзуары хицауадмæ куырдиат бадæттын. Фехъуыстой нæ, æмæ республикæмæ æрбарвыстой гуманитарон æххуыс".

Рæстæгмæ æфснайд æрцыд Дзæуджыхъæуы æстæм скъолайы бæстыхæйттæй иуы, ахæм бар сын радта йæ директор **Хæтæгты Еленæ**, стæй фæдзырдта хистæркъласонтæм, уыдон æмхуызонæй дысвæлдæхтæй февнæлдтой æмæ хъуыддагмæ сарæхстысты.

Дарддæр хъуыдис продукттæ дих кæнын, æмæ ам та Сырх дзуары минæвæрттæм æххуысмæ фæзындысты бархионтæ æмæ социалон æххуысады комплексон ценрты кусджытæ. Иумæ февналгæйæ, къорд сахатмæ æрæмбырд кодтой гуманитарон æххуысы 500 хайдтой бынæттон администрациты æмæ поселокты советты кусджытæ дæр. "Стыр бузныг зæгъæм, нæ бархионты фарсмæ чи 'рбалæууыд, уыдонæн. Уæлдай арфæ — Цæгат Ирыстоны Сывæллæтты фонды сæргълæууæг **Денис Федоровичæн** — уый фыццæгты рæнхъыты æнæзивæгæй



комплектæй фылдæр (ссад, лæхурæг, дзидза æмæ кæсаджы консервтæ, зети, адджинæгтæ æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады фæрæзтæ).

Дарддæр сæ хъуыдис байуарын. Æдæппæтæй гуманитарон æххуыс радтой 500 адæймагæн. Уый стыр зын куыст уыдис, æмæ дзы активонæй арфеххуыс кодта æрбарвыст æххуыс райсын æмæ бафснайынмæ. Иумæйаг хъарутæй бирæ хорз пайдайаг хъуыддæгтæ саразæн ис", — загъта Хъуысаты Иринæ.

**Уæрæсейы Сырх дзуары Цæгат Ирыстоны регионалон хайады пресс-службæ**

**Уавæр**

## Ипотекон хæстæ

**Йæ бафидыны æмгъуыд кæмæн аивгъуыдта, уыцы ипотекæйы бæрц Цæгат Ирыстоны ацы азы райдайæнæй дыууæ хатты фæкъаддæр.**

Цæгат Кавказы статистикæмæ куы æркæсæм, уæд йæ бæрц у 100 милуан сомы, уый та, азы райдайæнимæ абаргæйæ, у 15 проценты ныллæгдæр.

Зæгъæм, Дагестаны у 9 милуан сомы, Кæсæг-Балхъары — 3 милуан сомы, Хъæрæсе-Черкесты Республикæйы — 3 милуан сомы, Цæгат Ирыстоны — 18 милуан сомы, Цæцæны — 2 милуан сомы, Стъараполы крайы — 62 милуан сомы, Мæхъæл ипотекæйæ хæстæ нæ дары.

**Нæ уацхæссæг**

**Культурæйы къабаз**

## Техникон ифтонгадæн

**Цæгат Ирыстоны Культурæйы министрады минæвар куыд фехъусын кодта, афтæмæй нæ республикæйы театртæ техникон уагæй сифтонг кæнынæн радих кæндзысты 23 милуан сомы бæрц фæрæзтæ.**

— Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театр æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон Ирон академион театримæ бадзырдтæ сфидар кодтам. Ныридæгæн театрты уавæр сбæлвырд кодтам. Æрæфы районæй фæстæмæ æппæт дзыллон мадзæлттæн æмбæлгæ гæххæттытæ Уæрæсейы Культурæйы министрадмæ барвыстам. Ацы районы моделон библиотекæтæ сифтонг кæнынæн дихгонд 1,5 милуан сомы бæрц фæрæзтæ хардзгонд кæй нæма æрцыдысты, уый нымад у лыггæнинаг фарстайыл, — загъта республикон ведомствæйы минæвар.

Рæхджы Æрæфы районы



библиотекæтæ сифтонг кæныны фæдыл бадзырд сфидар кæндзысты.

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

**Барад**

## Стыр ивар бафиддзæн

**Сæрмагонд федералон нысантæ æвæрын кæуыл æмбæлы, ахæм карз нозт стыр бæрцæй сусæгæй уадзыны хъуыддагмæ бар чи дары, Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы æмæ Рахизфарсы районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ ахæм 46-аздзыд ногбæтæхъойыхъæуккаг нæлгоймаджы æнæзакъон архайдæн кæрон сæвæрдтой.**

**Барадхъахъхъæнджытæ закъонхалæг нæлгоймагыл Уголовон кодексы 171.1-æм статьяйы 6-æм хаймæ гæсгæ, сарæзтой уголовон хъуыддаг æмæ йæ равзæрстой. Рахизфарсы районы тæрхондон фыдгæнæгæн рахаста 150 мин сомæй йæ фæивар кæныны тæрхон. Ацы тæрхон йæ тыхы бацыд.**

**УФ-йы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ**

**Æнæниздзинад хъахъхъæнынад**

# Сæ алы фезмæлд дæр — бæрнон æмæ бæстон

**Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады дæлбар цы бирæ службæтæ ис, уыдонæн сæ ахсджиагдæртæй иу у Тугисыны республикон станцæ. Уымæн æмæ цавæрфæнды низимæ дæр тох кæныны хъуыддаг райдайы бæстон медицинон раиртæстæй, туджы анализтæй.**



Ноннæ АНДРУСЕНКО, ТОТЫККАТЫ Еленæ, ЦЫБЫРТЫ Людмилæ æмæ ХЪУЛАТЫ Зæринæ

Кæй зæгъын æй хъæуы, лабораторон раиртæсты бæрæггæнæнты бындурыл дарддæр арæзт цæуы низимæ тохы фæтк. Уыцы æууæл иудадзыгдæр сæ зæрдыл дарынц станцæйы лабораторийы специалисттæ. Медицинон кусæндоны ацы дæлхайады разамонæджы хæстæ æнтыстджынæй æххæст кæны фæлтæрдджын биолог **Ноннæ Андрусенко**. Уый разамындæй лабораторийы кусджытæ — биологтæ **Тотыккаты Еленæ** æмæ **Цыбырты Людмилæ**, стæй техник **Хъулаты Зæринæ** афойнадыл æмæ биноныг скæнынц туджы æппæт хъæугæ анализтæ дæр.

Уыимæ, сæхæдæг куыд зæгъынц, афтæмæй алкæцы æххуысхъуаг адæймаджы уавæрмæ дæр хионы цæстæй акæсынц. Гыццылдæр истæмæй анализтæ зæрдæхсайгæ куы рауайынц, уæд лабораторийы кусджытæ адæймагæн ныфсы ныхас фæзæгъынц, лæмбынæг ын бацамонынц, дарддæр æй куыд архайын хъæуы, уый. Æмæ ахæм ахаст кæцыфæнды æххуысхъуаг адæймаджы зæрдæмæ дæр фæндаг ссардзæн, йæ уавæр æй æрхæндæг хъуыдыты уацары нæ бакæндзæн, фæлæ йæм ныфс фæзындзæн, йæ низыл кæй фæуæлахиз уыдзæн, уымæй. Æмæ уæдæ рагфыдæлтæ дзæгъæлы загътой: "Дохтырæн æрмæст йæ ныфсы ныхас дæр царды хос у..."

Лабораторийы æрвылбоны архайдмæ бæстон цæстдард ис станцæйы сæйраг дохтыр **Цхуырбаты Дианæйы** 'рдыгæй. Кæд нырма дзæвгар рæстæг нæ кусы уыцы бынаты, уæддæр сæйраг дохтыр къæрцхъус у æппæт фарстатæм дæр — уый хауы, куыд станцæйы техникон ифтонгдзинады, афтæ специалистты дæсныдзинад бæрзонддæр кæныны, стæй æппæт иннæ хъуыддæгтæм дæр.

Æмæ ахæм архайды фæрцы æххуысхъуаг адæмæй арæх райсынц зæрдæбын арфæтæ...

**КАЛМАНТЫ Аслан**
**Къам систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ**

# Æргом ныхасы къæм нæй!



Фыдæлтыккон æгъдау

Базыгæй кувын

**Базытæ сты кусарты раззаг æгъдты дæллаг хæйттæ. Кусартгæнæг сæ цины фынгмæ зынтæй фæхицæн кæны æгъдтæй. Уымæн æмæ сæ сæттын нæ фæтчы. Бадты хистæр фæкувы бæгæны æмæ рахиз базыгæй, стæй сæ адæтты бадты кæстæртæм. Дыккаг хистæр та — æртæ фæрскæй, æртыккаг хистæр — раззаг хуылфыдзаумæтты физонæгæй. Æмæ сæ адæттынц бадты астæуæй дæлæмæ бадæг кæстæртæм.**

Ирыстоны хъæуты кæмдæрты ацы æгъдау афтæ нæ кæнынц. Кæм дзы хистæр æртæ фæрскæй кувы, кæм та — раззаг хуылфыдзаумæтты физонæгæй. Уый раст нæу. Фыдæлты æгъдау сæм кæддæр чидæр фехæлдта... Суанг ма нæ адæмы истори æвдисæг Нарты кадджыты хистæр базыгæй куы кувы. Кадæг "Уырызмæджы æнæном лæппу"-йы кæсæм: "Уырызмæг Нарты æгъдаумæ гæсгæ, базыг цирхъы фындзыл бакодта æмæ кувы. Куывд куы фæци, уæд дзуры лæппумæ: "Лæппу, рауай, ацаход, мæ хур!"

Базыг, уæн æмæ сгуы сты кусартæн йе 'гъдауы хæйттæ. Базыг хистæр бæгæныйы къусимæ адæтты кæстæртæм. Уыдон ын йе 'гъдау куы скæнынц, уæд йæ асæттынил сæ тых бавзарынц. Чи йæ асæтты, уымæн хистæр кады нуазæн радты.

Уæн-иу фыдæлты дуджы нуазæнимæ лæвæрдтой сгуыхт хæстон лæгæн. Ныр та кæстæрты цæрæнбоны сидтыл, йæ фыдæй къухæй ратонгæйæ, хай кæстæртæн нуазæнимæ.

Сгуы къæбицгæстæ хуынимæ арвитынц мыггагæй, хæстæджытæй тагъд рæстæджы чындзæхсæв кæнæ, куывд кæмæ уыдзæн, сыхы куывдæй — иннæ азы сын фысым чи уыдзæн, уыдонмæ.

Фæрсчытæ æмæ раззаг хуылфыдзаумæтты физонæгимæ бахæрынæй уæлдай фынгыл уый бæрц æгъдæуттæ нæй. Кусарт нæ акæнгæйæ, æртæ фæрскæй кувæм, æртæ кæй сты æмæ фынджы бæркадыл кæй ахадынц, уый тыххæй.

*Кадæг ”Уырызмæджы æнæном лæппу”-йы кæсæм: ”Уырызмæг Нарты æгъдаумæ гæсгæ, базыг цирхъы фындзыл бакодта æмæ кувы. Куывд куы фæци, уæд дзуры лæппумæ: ”Лæппу, рауай, ацаход, мæ хур!”*

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Æрæджы газет "Рæстдзинад"-ы сусæны мæйы (июлы) 15-æм бон куы бакастæн Цгъойты Хазбийы уацхъуыд "Базыгæй кувын", зæгъгæ, уæд айдагъ йæ сæргондæй дæр зæрдæ ныррухс. Уымæн, æмæ уый нæ фыдæлтыккон æгъдау у, кæд æй ныры дуджы чидæртæ схæццæ-мæццæ кодтой, уæддæр. Кувынц раззаг хуылфыдзаумæттæй конд физонæгæй, базыгæй та скувы æртыккаг хистæр, æмæ уый стыр аипдзинадыл нымад у, ирон лæгæн сæрмæ хæсгæ нæу.

Æвæдза, диссаг у цард. Дзургæ афтæ куы фæкæнæм, нæ фыдæлтæ нын цы сфæлдыстадон бынтæ ныууагътой, уыдон бахъахъхъæнæм, зæгъгæ, æмæ сæ уæд зыгъуыммæты цæмæн æххæст кæнынц иуæй-иу адæймæгтæ, æцæг ирон æгъдаумæ æппындæр куы ницы бар дарынц, йæ ныхмæ æвæрд куы сты, уæд?

Хазбийæн та зæгъын стыр бузныг, æцæг ирон лæг кæй у, нæ фыдæлты æгъдæуттыл фидар кæй хæцы, цудын сæ кæй нæ уадзы, уый тыххæй. Уый иттæг раст фыссы: "Бадты хистæр (сæйрагдæр) фæкувы бæгæны æмæ рахиз базыгæй, дыккаг хистæр та — æртæ фæрскæй, æртыккаг хистæр — раззаг хуылфыдзаумæтты физонæгæй".

Ацы фæткæвæрд ма хæлд æрцæуы ахæм æнæгъдаудзинадæй дæр, хистæр йæ галиу къухмæ райсы бæгæны, йæ рахиз къухмæ та — базыг. Æмæ уый галиу куывдыл банымайæн ис. Ахæм ракуывдтытæ та Стыр Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытæн барст нæ вæййынц, æмæ уæд дзæгъæлы сты. Бафиппайын хъæуы уый дæр, æмæ фыццаг хистæр хъуамæ кувæггаг авæра, йæ рахиз фарс цы кæстæртæ (æртæйæ) фæлæууы, уыдонмæ, дыккаг, æртыккаг — фынгмæ, æртыккаг та — бадты кæстæртæм. Æмæ иуæй-иу хатт ацы æгъдау дæр раст конд не 'рцæуы. Сæйраг хистæр кувæггаг, йæ рахизфарс цы кæстæртæ фæлæууы, уыдонмæ нæ адæтты, фæлæ фынджыбадтмæ. Æмæ уый æз нымайын дæрзæг рæдыдыл. Кæстæртæ хистæры раз æрлæууыдысты, йæ куывдтытæн ын "оммен" кодтой, æмæ сæ хистæр не ‘рхъуыды кодта, кувæггаг сæм нæ авæрдта, уый цавæр ирон æгъдау рахонæн ис?

Фыдæлтæй баззад ахæм ныхас, ирон фынг скъола у, зæгъгæ. Æмæ уый æцæгæйдæр, иттæг раст ныхас у, уымæн æмæ раздæры заманты ирон адæм фыссын æмæ чиныджы кæсын куы нæма зыдтой, уæд æгъдау, æфсармыл, ома, хъомыладон фарстатыл ахуыр кодтой ирон фынджы бадты.

Мах, Ныхасы уæнгтæ, ирон æгъдæуттыл куы фæфыссæм, уæд уый иуæй-иуты зæрдæмæ нæ цæуы. Уый, дам, хъомыладон фарстатыл ныхас нæ фæцæуы, фæрссаг, дам, вæййынц. Ау, фынгыл хи дарыны, хиуылхæцыны æгъдæуттыл ныхас куы фæцæуы, уæд уыдон хъомыладон фарстатæ не сты? Уæдæ царды кæцы къабазмæ хауынц?! Афтæмæй сæ æнæбындурон уайдзæфты æмæ фидисты æргъом Ныхасы уæнгты уæлæ æвæрынц. Æмæ уый куыд раст у?

Адæймаг йæхи цæстытæй æнæгъдаудзинад куы уына, кæцы фыдæлтыккон фæтк халы, уæд йæхи æнæуынæг æмæ æнæмбарæг куыд хъуамæ скæна, йæ дзыхыл цъутта куыд хъуамæ сæвæра?!

Æрæджы мæхæдæг цардæгас æвдисæн уыдтæн ахæм цауæн. Хæдзары уыд бæрæгбон. Æфсинтæ хистæры раз кувынмæ æрæвæрдтой æртæ æртæдзыхоны. Хæдзары хицау дын уый фена, æвиппайды йæхæдæг йæхи къухтæй февнæлдта æртæдзыхæттæм æмæ сæ тымбыл уæливыхтæй баивта. Æз, дам, мæ хæдзары æртæдзыхонтæй нæ кувын. Ау, æртæдзыхонтæй кувæндоны дæр куы фæкувынц, уæд сæ уый йæ хæдзары кувын цæуылнæ бауагъта?! Абон дæр æз ууыл дис кæнын. Æртæдзыхонтæ фынджыдзаджы не 'вæрынц, уымæн та йæ хæдзары фынгæвæрд куы уыд, уæд ууыл цæуылнæ ахъуыды кодта хæдзары хицау? Мæнæ диссæгтæ æмæ тæмæстæ! Лæг бонæн диссаг уыны.

Не 'гъдæутты тыххæй ныхас кæм цæуы, уым мын æнæзæгъгæ нæй иу цалдæр фиппаинаджы тыххæй. Зианы фынгыл хистæр фыццаг рæгъ рауадзы Стыр Хуыцауы тыххæй, æмæ йæ кувыны уагыл хъуамæ ма зæгъа, фæлæ фæдзæхсыны уагыл. Бинонты, къабæзты, хиуæтты, сыхбæсты, хъæубæсты бафæдзæхсы Хуыцауыл, цæмæй сыл зиан афонæй раздæр ма æрцæуа. Æмæ уæд иуæй-иутæ хæлофæй фынгмæ февналынц, цыма цалдæр къуырийы ныккæнды æххормагæй фæбадтысты, уыйау. Стæй сæхи хорз куы фенынц, уæд фæлхæрттæй та мардæн хæлар фæкæнынц, хæларгонд, дам, сты, зæгъгæ, сæхи сраст кæнынц. Фыдæлтæй баззад ахæм æгъдау: "Цалынмæ дæм рухсаджы рæгъ æрхæцца уа, хойраг мардæн ныххæлар кæнай, уæдмæ хойрагæй саходæн нæй". Къæбицы хойраг чи ныххæлар кæны, уыдон вæййынц цыппар адæймаджы, æмæ уый æххæст æгъдауыл банымайæн нæй.

Бадты адæм сæ иууылдæр хъуамæ ныххæлар кæной, стæй дзы уый фæстæ саходын худинаг нæ, фæлæ мардæн удыбæстæ у.

Æмæ ма ноджы иу фиппаинаг. Арæх фенæн вæййы, зианджынтæ сыхаг лæгимæ бадты адæммæ æртæйæ куы рацæуынц, цыппæрæм, дам, фынгыл бады, зæгъгæ, сæхи араст кæнынц уымæй. Фынгыл чи фæбады, уый вæййы мыггаджы хистæр, æмæ арфæмæ чи рацæуы, уыдоны къордмæ ницы бар фæдары, уый хауы фынджы бадтмæ. Уымæ гæсгæ, арфæгæнджыты нымæц хъуамæ уа цыппар (къæйттæ). Стæй афтид къухæй хъуамæ ма рацæуой, фæлæ сæ кæстæры къухы уа дыууæ фæрсчы. Уый нысан фæкæны, зианы æгъдау кæй фехæст кæнынц.

Æртæйæ (æнæкъайæ) арфæмæ рацæуынц цины хъуыддаджы, æмæ йæ зианимæ хæццæ кæнæн нæй. Уый стыр рæдыдыл нымад у, зианы фынгæй цины фынг аразын. Арфæмæ чи рацæуы, уыдон æрлæууынц хистæрæн йæ галиуварс. Арæх вæййы афтæ, хистæр фæгæпп кæны æмæ сæм нуазæнтæ авæры. Æмæ ахæм хистæры бафæрс, цæмæн сæм авæрдтай нуазæнтæ, зæгъгæ, уæд ын раст дзуапп раттын йæ бон нæ бауыдзæн, уымæн æмæ йын бындур нæй, ницæуыл æнцой кæны, æмæ уæд æгъдауы нæ фидауы, зыгъуыммæ йæ кæнынц.

Арфæгæнджытæн сæ ном сæ уæлæ ис, уыдон бадты адæммæ рацæуынц, цæмæй сын раарфæ кæной, сæ зыны рæстæг сæ фарсмæ кæй æрбалæууыдысты, сæ зиан сын кæй сбуц кодтой, æмæ йæ сæркъулæй нæ, фæлæ йæ кад æмæ радимæ йæ æнусон бæстæм кæй афæндараст кодтой, уый тыххæй. Æмæ ахæм ныхæстæ зианджынты номæй фæдзуры сыхаг куырыхон лæг. Уымæн уырдыглæууæг рауадзы дыууæ нуазæны (фылдæр не 'мбæлы) æмæ сæ уый авæры фыццаг æмæ дыккаг хистæрмæ. Уый фæстæ дыууæ фæрсчы æрæвæрынц дыккаг фынгыл. Уыцы дыууæ хистæры сыстынц æмæ арфæ ракæнынц зианджынтæн, зæгъæм, мæнæ афтæ: "О, зианджынтæ! Абон уе стыр зианы фæдыл бадты адæммæ æрбахастат арфæйы нуазæнтæ. Гъемæ, уæ хъыджы бонтæ цины бонтæй куыд раиват, ахæм арфæ уын Хуыцау ракæнæд. Йæ зианы фæстæ хорздзинæдтæ кæуыл æрцыд, уыдоны æмбал уæ Хуыцау фæкæнæд”. Уый фæстæ æрбадынц æмæ сæ нуазæнтæ бадгæйæ баназынц.

Стæй хистæр сысты æмæ нуазæн радты, мыггагæй йæ фарсмæ чи фæбады, уымæ, стæй арфæмæ чи рацыд, уыдонмæ дæр. Мыггаджы хистæр дæр сысты, райсы нуазæн æмæ фæзæгъы арфæйы ныхæстæ, куыд арæхсы, уымæ гæсгæ. Уый фæстæ, уый дæр æрбады æмæ йæ нуазæнæй саходы. Арфæгæнджытæ дæр, сæ арфæйы ныхæсты фæстæ, саходынц сæ нуазæнтæй æмæ ацæуынц. Ахæм у арфæйы нуазæнты фæтк (зианы), æмæ йæ æххæст хъæуы йæ уагыл.

Не стæг магъз куыд æвæра, нæ тала бæлас куыд кæна, нæ билцъ æвзар куыд уадза, нæ лæпputæй куырыхон лæгтæ куыд рауайа, нæ чызджытæ Нарты Сатанайы хал куыд ахæрой æмæ сæ Нæртон чындзытæ куыд рауайа, фырт фыдæй лæгдæр, чызг мадæй бæркадкъухдæр куыд уа, ахæм арфæтæ нын Стыр Хуыцау, зæдтæ, дауджытæ æмæ Уæларвон тыхтæ ракæнæнт!

**ХÆМЫЦАТЫ Раман, "Иры Стыр Ныхас"-ы Рахизфарсы районы хайады ирон æгъдæутты комитеты сæргълæууæг**




“Æлутон”-ы фарс цæуын райдыдта 1999 азы 19 июны. № 617

**Ирон мифологион дзырдуат**

# Кæрдзынгæнджытæ

**Цыфæнды ирон æгъдауы дæр: цины уа, хъыджы вæййы кæрдзынгæнджытæ. Фысым йæ хойраджы бæркад æмæ къæбицы фарн кæуыл бафæдзæхсы, ахæм сылгоймæгтæ. Кæрдзынгæнджытæ хъуамæ уой рæстæмбис кары моймæдзыд сылгоймæгтæ, лыстæг хъуыддæгты се ‘ххуысы къух бадарынц ног чындзытæ æмæ чындздзон чызджытæ. Хистæр сылгоймæгты хæс та вæййы, цæмæй сæ-иу афæрсой, уый бацамонын.**

Кæрдзынгæнджытæ-æфсинтæ бæрнон хъуыддаджы балæууынц, уæлдайдæр цины: чындзæхсæв æмæ куывды сæхи бæрнонæй равдисынц. Уымæ гæсгæ сын сæрмагондæй арфæ ракæнынц. Цины хъуыддаджы сæ фынджы хистæр сбуц кæны, сæрмагонд нуазæнæй бузныджы ныхæстимæ, уазджыты хистæртæ сæ бабæрæг кæнынц бынаты, барæвдауыны охыл.

Кæрдзынгæнджытæ сæ куыстæй нымд кæнынц, хъыджы кæнды йæ кæнынц æнкъард зæрдæйы уагимæ æнæ уæлдай ныхæстæй. Цины хабæртты кæрдзынгæнджытæ-æфсинтæ хъуамæ æлхынцъæрфыг æмæ бустæгæнæг ма уой. Уый тыххæй рагацау æвзæрст сылгоймæгтæ сæ хæсмæ сæхи разæнгардæй фæцæттæ кæнынц удæй, зæрдæйы уагæй, буары æмæ дзаумайы сыгъдæгдзинадæй, зæрдæрайгæ хъуыдытыл бафтауынц сæхи, цинылцинимæ куыд сæмбæлой, сæ фыдæбон æмæ зæрдæйы уаг дæр хорзæрдæм куыд фæзына, сæ конд хæринаг Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæн æхцон куыд фæуа. Æмæ хъæлдзæгæй ног раздарæнты, ног сæрбæттæнты арынджы уæлхъус балæууынц хыссæ кæнынмæ, стæй та — уæливыхтæ фыцынмæ.

**Æмбисонды хабæрттæ**

# Æгас цæут!

*Дыууæ ирон лæппуйы сбадтысты æмæ кæнынц уынаффæ:*

*— Цæй, æмæ номы тыххæй ахæм бæстæм фæцæуæм, æмæ ирон лæджы къах кæм нæма æрлæууыд!*

*— Цæй, Хуыцауыстæн!*

*Нымайын райдыдтой, уæдæ кæдæм, зæгъгæ.*

*— Амырык, Англис, Герман, Франц, Зеланд, Япон, Китай... Фæлæ дунейыл ахæм бæстæйы ном не ссардтой, ирон лæг кæм нæма уыди.*

*Цæй, зæгъгæ, загътой — ардыгæй ницы бацамондзыстæм, фæлтау сбадæм æмæ цом, кæд нæ Уастырджи йæхæдæг фæхæссид ахæм бæстæм, æмæ ирон æвзаг кæм мауал фехъусæм.*

*Сбадтысты уæрдоны...*

*Науы дæр фæцæуынц...*

*Уалынмæ сæ нау иу æмбисонды сакъадахмæ раргъæвта. Ныуулæфыдысты лæппутæ:*

*— Хуыцауæй бузныг, ам уæддæр нæ фехъусдзыстæм ирон ныхас!*

*Æнтæф куыд уыд, уымæ гæсгæ балхæдтой харбыз, сбадтысты зæххыл тъæпæн, æмæ кæстæр харбызыл кард куыд рауагъта, афтæ сæм йæ зыхъхъырæй сдзырдæуыд: "Æгас цæут!"*

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

**Фыдæлтыккон ныхæстæй**

# Арæх сæ нал пайда кæнæм

**Саси — болезнь овец.**
**Сардзан — сазан.**
**Саузым — бесснежная зима.**
**Сиск — ячмень четырехрядный.**
**Сидахъ — сыч.**
**Тавиц — ласка, внимательность.**
**Тахъина — ружье охотничье.**
**Тауыс — слух, молва.**
**Тæрх — станок.**
**Хаххыг — чертеж.**
**Хъабыл — достойный, способный.**
**Хъасапп — бойня, харчевня.**
**Хъæлæкк — конечно.**



**Нæ бæрæгбæттæ**

# Ног дзуары бон — Дæргъæвсы

**Ног дзуары бæрæгбон кæнынц Дæргъæвсы. Йæ бон вæййы августы, дыккаг хуыцаубоны. Фысым ын цы сых вæййынц, уыдон иу къуыри раздæр æрæмбырд кæнынц æхца дæр, цы сæвæрынц, уый.**

Дæргъæвсы адæм тынг арæх мардысты хæцгæ низтæй æмæ загътой: Аларды нæ ныццагъта æмæ Алардыйæн кувæн-Дæргъæвсгомы хъæуæй быдырмæ чи ралыгъдис, уыдон дæр. Цыппар боны фæстæ та скæнынц йæ куывдæрвитæн. Бæгæ-

Фыццаг заманты Дæргъæвс стыр хъæу уыдис, æмæ-иу Мамсыраты цæдджинагæй дыууæ-æртæ бахсыстой бæгæны. Куывдæн-иу балхæдтой галтæ дæр. Фæлæ сæ ныр фæкъаддæртæ кодтой, уымæн æмæ дзы адæм бирæ нал цæры.

Ног дзуары бон райсомæй иумæйаг куывды кусарт цалынмæ фæкæнынц, уæдмæ алы хæдзар дæр дзуары бынмæ бахæссы чъиритæ, физонæг æмæ нозт. Æрæмбырд вæййынц æмæ скувынц, хорз фæминас кæнынц, стыр куывды бæгæныйæ дæр сын радтынц æмæ уый фæстæ сæ хæдзæрттæм ацæуынц. Стыр куывд куы сцæттæ вæййы, уæд хонæг арвитынц хъæумæ. Хъæу чысылæй-стырæй æд чъиритæ æрæмбырд вæййынц. Цы кусæрттæ акæнынц, уыдонæй уæд скувынц, цæмæй Дæргъæвсы адæмæн Рыны бардуаг баххуыс кæна, æмæ сыл сæ иухатты заман мауал скæна. Уый фæстæ сбадынц, уырдыглæуджытæ æрæвæрынц хæрд, нозт, æмæ адæм сæхи хорз фенынц.



Ног дзуар та йæ уымæн хонынц, æмæ йæ скодтой æрæджы, XX æнусы фыццаг азты. Уыцы рæстæг дон саразæм. Куынæуал мардысты низæй, уæд Алардыйы номыл уыцы ног дзуар скодтой æмæ уæдæй фæстæмæ афтæ кæнынц уыцы дзуары куывд. Куывды йæм фæцæуынц, ныйæ ма ныууадзынц, адæмы æрхонынц æмæ та скувынц, цæмæй сæ ног дзуар фидæнмæ дзæбæхæй, хъæлдзæгæй ныууадза, æмæ та йын хорз куывд скæной.

# Майрæмы куадзæн

**Майрæмы куадзæн дæр вæййы августы. Хистæртæй-иу бирæтæ Майрæмы куадзæны размæ дыууæ къуырийы ком дардтой, сæ уарзон адæмæй чи амардис, уыдоны удыбæстæйы тыххæй.**

Майрæмы куадзæны бон ирон адæм æмхуызонæй нæ кæнынц бæрæгбон. Чырыстон дин тыхджын кæм уыдис, уым Мады-Майрæмы бæрæгбон дæр кодтой тыхджынæй. Фæлæ-иу уыдис ахæм хъæутæ, æмæ-иу уыцы бон куыстмæ фæцæйцыдысты, æмæ сæ уæд кодтой ивар.

Ахæм хабар æрцыд Куырттаты комы Хидыхъусы. Сауджын дзы уыдис Дзанайты Датъо. Майрæмы куадзæны бон адæм куыстмæ цæудзысты, зæгъгæ, уый рагацау слæууыд хъæугæрон æмæ, чи цыдис, уыдоны фæстæмæ здæхта. Чи нæ бакуымдта раздæхын, уыдоны та фæндзгай сомтæй ивар фæкодта. Хъæуыхицау уыцы лæгты бакодта ахæстоны, уымæн æмæ сæ ивæрттæ нæ фыстой, фæлæ цы сæ бон уыдис æмæ сæ фæстагмæ бафыстой. Быдыры хъæутæй Майрæмы куадзæн уæлдай кадджындæр уыдис Мæздæджы ирмæ.

**КЪАРДЖИАТЫ Бекызæйы чиныг "Ирон æгъдæуттæ"-йæ ист æрмæг**

❁ ❁ ❁

***Майрæмы куадзæны фæдыл Айларты Измаил та афтæ фыста:***

*"Ацы бæрæгбон у удыгæстæ æмæ мæрдты номыл. Рагон ирон дины мидисыл дзурæг у бæрæгбоны ахаст, уаг. Куадзæны уæлæуон адæм сæ ком уагътой фыдызгъæл æмæ урссаджы хæринæгтæй Стыр мархойы фæстæ. Уырдыгæй Майрæмтæм та ног мæрдджынтæ ком дардтой дыргътæй, æмæ баззад чырыстон дины тæвагæй Майрæмы номыл комуадзæнæй. Майрæмты ног мæрдджынтæ дæр кусарт нæ кодтой. Цыдысты уæлмæрдмæ дыгай кæрдзынтæ æмæ дыргътимæ. Нозтæн та хастой къуымæл. Майрæмты уæлмæрдмæ цыдысты сылгоймæгты хистæртæ. Нæлгоймæгты хистæртæ нымадæй бадтысты рухсаджы фынгтыл бынаты. Рухсаггæгтæй чысыл сывæллæттæн цы лæвæрдтой, æндæр сæм фæсивæд не ‘вналдтой, æвзахс дæр сæм нæ цыдысты балæггад кæнынæй дарддæр. Майрæмтæм æмбис хос чи скодтаид, уыцы хæдзар йæхи амондджынил нымадта. Фæсмайрæмты куыстой фылдæр æхсæвæддæты. Мæйрухсмæ. Бон — кæрдгæ, æхсæв — ссивгæ."*

**Рагон цардыуаг**

# Хæдзары дзауматæ

**Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæй мæм бирæтæ æрбарвитынц ирон хæдзары дзауматы хæйттæ æмæ фæфæрсынц, цавæр дзаума у, уымæй. Хъыгагæн, æз дæр фылдæр хатт нæ фæзонын, цы дзуапп радтон, уый. Фæлæ Айларты Измаилы чиныджы ис сæрмагонд хай — Хæдзары дзауматæ, æмæ уым автор бæлвырд æвдисы къамты, нæ фыдæлтæ цæмæй пайда кодтой, уыцы хæдзары дзауматæ æмæ сын бинонығ сæ нæмттæ амоны.**

**Æз уыцы æрмæгæй спайда кæндзынæн æмæ иллюстрацитæ уæ размæ хæсдзынæн, кæд искæмæн цымыдисаг уаиккой. Фыдæлтæ сæхи къухтæй арæзтой алцыдæр: хъæдæй, æфсæйнагæй, хъуын æмæ хъисæй, стæгæй, цыллæйæ, цармæй, дурæй. Абоны ирæттæй бирæтæ уыцы дзауматæ зонгæ дæр нæ кæнынц. Дих кæнынц цалдæр къордыл: хæринагфыцæн æмæ хæринагхæрæн дзауматæ, хойраггæнæн, ссадлуарæн, хыссæнæмæн гæрзтæ, уисæй быд дзауматæ, фæсмынæй микæнæн, хуымы, хосы, хъæдгуысты дзауматæ.**

## Хъуылæг-бæрдын

Царв цæгъдынæн дардтой сæрмагонд хъуылæгтæ бæрдынтимæ. Хъуылæджы царв цагътой лæугæйæ, мигæнæн хæрдмæхъилæй тъæпæн ран æвæрдæй. Цæгъдинаг цагъд цыди бæрдыны фæрцы, уæлæмæ пырх цæмæй ма кодтаид, уый тыххæй йын уыди хъæдæй конд тымбыл сæр. Тымбыл сæрæмбæрзæны астæу та — хуынкъ бæрдыны хъæды уæрæхæн. Хъуылæгæй царв цæгъдынæн уыди хицæн дæснытæ, алчи йæм æмхуызон нæ арæхст Иугæр царвцæгъдæг æрлæууыд хъуылæджы раз, уæд, кæстæр сывæллæттæй хуыздæр къах кæмæн уыдаид, уый-иу йæ фæрсты ахизын кодта. Ома, хæрзæмбæлæг. Царвы бацагъд фæрæстмæ, уæд



æмбæлæгæн хицæн арфæтæ, мисындзыхтытæй хай. Царв æрæгмæ ‘взæры, æрбамбырд нæ фæразы, уæд цæгъдинагыл гыццылгай уагътой хъæрмуст дон.

Бæрдынæн та уыдис дыууæ хайы — хъил æмæ зырны. Хъил амадтой мæстæг хъæдæрмæгæй тымбыл æмæ æмраст. Зырны кодтой тъæпæнæй æмдымбыл, мигæнæны хуылфы æмхуызонæй. Зырнæн йæ астæуы фидаргонд цыдис бæрдыны хъæд — хæцæн, йæ кæроны лыстæгдæр хуынчъытæ та уыдысты цæгъдинаг дыууæрдæм фæрсудзынæн.

**АЙЛАРТЫ Измаилы чиныг “Ирон фарн”-æй ист æрмæг**

*Таурæгъ*

# Дзæгъæлдзæуæг

**Царди æмæ уыди иу хъæздыг лæг, сонтгомау æмæ æлгъитаг. Фæндагыл уа, куысты уа, цуаны — чысыл ницæуыл дæр-иу æлгъыста, æмæ йæм Тырсыгомы дауджытæ мæсты кодтой.**

Куы-иу ын йæ фосæй фесæфтой, куы йын-иу йæ хоры хуым зæйы бын фæкодтой, куы та-иу ын йæхи фæндагæй фæдзæгъæл кодтой, æмæ-иу йæхи ныцъцъæррæмыхстытæ кодта. Куы та-иу æнæхъæн бон цуаны фæцыд, æмæ-иу йæ размæ сырддонцъиу йеддæмæ ницы фæци.

Сфæлмæцыд лæг, уæдæ цы уыдаид! Раскъæрдта йемæ дыууæ фыры, бацыд Хиуы Сионы аргъуанмæ æмæ сæ Уациллайæн акусарт кодта. Кæд ын, ома, Уацилла иннæ бардуæгты фыдбылыз кæнын нал уадзид. Фыдбылызтæ йыл æцæг нал цыд, æмæ та хъæздыг кæнын райдыдта. Æнхъæл уыд, æмæ йын Уацилла баххуыс кодта. Иухатт та Къобы хъæуы дыууæ къамбецы ауæй кодта, цы ‘хца райста, уыдон йæ худы бахуыдта æмæ йæ хæдзармæ рараст. Иу ран доны сæрты фæцæйхызт æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, ацы донылбыл йæ къах куыд фæцæйсаст, æмæ та нылгъыста. Уæд дын йæ тæккæ раз бардуаг фестад æмæ йыл фæхъæр кодта: "Ноджы та æлгъитыс?"!

— Ноджы та æлгъитын, — загъта лæг.

— Уæдæ дæ нæма сахуыр кодтон?!

— Гъе ныр мын дæ бон ницыуал у. Æз мæхи дæр, мæ сывæллæтты дæр, мæ фос æмæ мæ хор Уациллайыл бафæдзæхстон æмæ ма мын цы ракæндзынæ!

— Уæдæ йын дæ худ нæ бафæдзæхстай, — фæхъæр кодта бардуаг æмæ йын йæ худыл ныффу кодта.

Худ лæджы сæрæй фæтахт æмæ комы афардæг. Лæг худы фæстæ ныййарц, кæд ме ‘хца къухы бафтиккой, зæгъгæ. Фæлæ, худмæ йæ къухтæй куыд фæлæбуры, афтæ та худ дымгæ аскъæфы.

— Æй! Хынджылæгæн æгъгъæд у, æри мын ныр мæ худ! — хъæр кæны лæг бардуагмæ.

— Ратдзынæн дын æй, æрмæст уал мæ хатыр ракур æмæ мæ кæй нал æлгъитдзынæ, ууыл расомы кæн!

— Нæ, уый дзы нæ уыдзæн! — фæхъæр та кодта мæстыйæ лæг. — Фæлтау мæ цæргæбонты дæр мæ худы фæстæ уайдзынæн!

— Уæдæ — уайгæ! — загъта бардуаг æмæ фæдæлдзæх.

Уæдæй ардæм лæг суры йæ худ, фæлæ йæ къухы не ‘фты.

**ДЖЫККАЙТЫ Шамил**

**Рагон къамтæ дзурынц**



*Ацы къам 1911 азы систа немыцаг этнограф-лингвист Адольф Дирр. Хуыйны ”Ирæттæ фыцынц бæгæны”. Фенæн æй ис горæт Мюнхены Фондз континенты музейы.*

**Адæм цыргъзонд кæм не сты**

**Доны уылæнты арæхдæр фæленк кæны донласт.**

***

**Адæймаджы цæссыгты цæхх бирæ ис.**

***

**Дæхæдæг цы хъуыддаг нæ зоныс, уый искæмæн ма амон.**

***

**Бирæ кæмæ ис, уый ма ноджыдæр фæхъæуы.**

***

**Æфсæрмыгæнаг уазæг æххормагæй баззайы.**

***

**Сусæг зарæг хъæрæй нæ зарынц.**

***

**Сылгоймагмæ куы хъусай, уæд сихормæ хъуг балхæндзынæ, æхсæвæрмæ та дæ гал фесæфдзæн.**



**Фарс бацæттæ кодта САУТÆТЫ Тамилæ**



2023 — Нартиадæйы аз

# Æфсымæртæ Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг

**УÆРХÆГ** — Нарты хистæр, фаззон лæппутæ Æхсар æмæ Æхсæртæджы фыд. Йæ фырттæ Нарты фæткъуы хъахъхъæнгæйæ куы фесæфтысты, уæд æй Нартæ рæгъаугæс скодтой. Æхсæртæджы дыууæ фаззоны Уырызмæг æмæ Хæмыц уый куы базыдтой, уæд йæ агурæг ацыдысты. Цæуынц, æмæ сæ къæхты хъæрæй бæстæ змæлы, хæхтæ згъæлынц. Уæрхæг сæ дардмæ дæр сæ къæхты хъæрæй базыдта. Уый мæ фырттæ Æхсар æмæ Æхсæртæджы къæхты хъæр у, зæгъгæ, фæлæ уыдон раджы куы фесæфтысты.

— Мах стæм Æхсæртæджы лæппутæ! — загътой йын уыдон.

— Уæдæ ма рацæут, æз уæ уе стæджы хъæдæй базондзынæн.

Бацыдысты Уырызмæг æмæ Хæмыц Уæрхæгмæ æмæ йæ хъæбыстæ кæнынц.

Уæрхæг сындæг равнæлдта æмæ йæ къухы уырзтæй радыгай æрæсгæрста лæппуты цонджы хъултæ æмæ загъта:

— Уе стæджы хъæд æцæг махæй у. Уæд ын лæппутæ радзырдтой, сæ мад Дзерассæйы, сæ фыд æмæ йе 'фсымæры тыххæй цыдæриддæр фехъуыстой, уый, æмæ Уæрхæг сæ разæй рараст йæ зæронд фидар арæзт чъырынмæ. Уым лæппутæ хæдзар бафснайдтой. Уый фæстæ зæронд лæджы дуармæ ракодтой, адастой йын йæ хъуынджын сæр, йæ боцъотæ, стæй йын фаджысы нытътъыстой лæдзæг. Зæронд лæг уым ныддоныхуыпп кодта, æмæ, йæ доныхуыпп хæрдмæ танхъа куы хаста, уæд дыууæ æфсымæры кæрæдзимæ бакастысты æмæ загътой: "Ай ма нын нæ мады дæр фæдардзæн". Дзерассæйы Донбеттыртæй скодтой, æмæ дзы сæ фыдыфыд Уæрхæг загъта йæхицæн бинонтæ.

Фыццаг: фыдæх хæссынæй фыдæмпъызт хуыздæр у. Цасфæнды хæссат фыдæх, уæддæриу ахъуыды кæнынмæ фæлæууут. Дыккаг: фыдæй фыдхъæдгом хуыздæр у. Æрвылбоны масты бæсты



ТУГЪАНТЫ Махарбеджы конд ныв “Борæ æмæ Дæлимонты паддзах”

**УÆРХÆДЖЫ ÆРТÆ ФÆДЗÆХСТЫ** — Уæрхæг Нарты знаг Хъæрæмæдзы куы амары, уæд йæ къухæй йæхæдæг дæр мæлæтдзаг цæф фæци. Мæлгæ-мæлын ма Уæрхæг Нартæн зæгъы: "Хъусут, Нартæ! Æртæ фæдзæхсты уын уадзын.

фæлтау иу бон фæриссут. Æртыккаг: фыдкомæй фыдæндæгъд хуыздæр у. Æгады бæсты мæлæт æмæ æнустæм кад хуыздæр у".

Уæрхæг уыйадыл амарди. Доны был ын саразтой стыр зæппадз, ахастой йæ æмæ йæ уым кадимæ бавæрдтой.

**УÆРХТÆНÆГ** — Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг сты æфсымæртæ Куыристы мыггагæй. Уæрхтæнæг карзæй хæцыд Кар æмæ Кæрæфимæ — их æмæ хъызты бардуæгтимæ. Нарты астæу фæцард зæронды онг æнæ усæй. Нарты фæсивæд бауынаффæ кодтой: "Уæрхтæнæгæн байзæддаг нæй, нæй йын бындар, æмæ йын ус ракурæм. Кæд нæ коммæ нæ бакæса, уæд та йæ дуртæй амарæм".

Уæрхтæнæг цард Тæлæгты быдыры, сразы ус ракурыныл. Уалынмæ сын лæппу райгуырд, æмæ йыл ном сæвæрдтой Сыбæлц. Сыбæлц Хуры чызг Адæдзæйы куы ракуырдта, уæд ын йæ фыд Уæрхтæнæгæн Хур радта згъæр хæдон. Згъæр та ахæм згъæр уыди, æмæ йе 'фцæгготæй заргæ кодта, йæ риутæй — хъырнгæ, йæ дыстæй — æмдзæгъд, йæ фæдджитæй та — кафгæ. Иуахæмы йын æй Соппары æртæ фырты байстой, йе рагъæй та йын дыууæ гæрзы рауагътой. Йæ фырт Сыбæлц уый куы базоны, уæд Соппары фыртты амары, Уæрхтæнæджы згъæр байсы, йæ рагъæй йын цы дыууæ гæрзы рауагътой, уыдон ын йæ фæсонтыл æрæвæрдта, нымæтын ехсæй сæ ракъуырдта æмæ, фыццаг куыд уыдис йæ фыд, афтæ фестад. Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг тохы бацыдысты дæлимонтимæ.

Дæлимонтæ сыл фæтых сты æмæ сæ дæлдзæхмæ акодтой.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Барад

## Барвæндонæй радтынæн

**Цæгат Ирыстоны фæзуатыл цæрæг Уæрæсейы граждæнтæм ис æнæзакъонæй сæм æфснайд æхсæнгæрзтæ, хæцæн æрмæг, стæй рæмудзæн буаргъæдтæ æмæ рæмудзæнгæрзтæ цыфæнды бон æмбæлгæ акци аразыны тыххæй æнæ уæлæмхасæн хъусынгæнинагæй æхцайыл радтыны бар.**

Æнæзакъонæй сæм æфснайд æхсæнгарз кæнæ рæмудзæн æрмæг барвæндонæй радтыны фæнд скæнæг адæймæгты хæс у Мидхъуыддæгты хæстæгдæр фæзуатон оргæнмæ бахатын, науæд 02 телефонæй фæдзурын.

Уымæй уæлдай, æхцайæ зæрдæлхæнæн кæм бафидынц, Цæгат Ирыстоны Фæллой æмæ социалон рæзты ахæм министрадмæ барвитынæн хъæугæ гæххæттытæ æмбырд кæнын Мидхъуыддæгты министрад адæмæн æххуыс кæны.

Зæгъæм, хæстон æхсæнгарзы иуæджы тыххæй бафидынц 50 мин сомы онг.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: хæцæнгарз æмæ хæцæн æрмæг барвæндонæй радтæг адæймæгтæ уголовон бæрндзинадæй сæрибаргонд æрцæуынц.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

## “Ирон æвзаг! Мæ зынджы хай, мæ арт!”

Зындгонд ахуыргонд, ирон æвзагзонынад иртасæг Абайты Васо мадæлон æвзаджы хъысмæты тыххæй афтæ дзырдта: "...бинонтæ сæ мидастæу иронау куы дзурой, уæд ын фесæфынæй тас нæу. Ныууадзæм уырыссагау, гуырдзиагау æрдæгдзæфтæ кæнын, ссыгъдæг кæнæм, æппæт дунейы дæр абон се 'ргом кæмæ раздæхтой, Франц, Герман æмæ иннæ бæстæты дæр лæмбынæг кæй ахуыр кæнынц, дунейы бирæ сусæгдзинæдтæ раргом кæнынмæ дæгъæл чи у, уыцы диссаджы ирон æвзаг — не стырдæр хæзна!"

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы ныхæстæ мæм кæсынц тынг раст. Æцæгæй-



дæр, афтæ у, бинонты 'хсæн сывæллонмæ иронау куы нæ дзурой, уæд куыд хъуамæ сахуыр кæна йæ мадæлон æвзаг.

Æз мæхæдæг схъомыл дæн ирон хъæубæсты — Джызæлы, ирон бинонты 'хсæн. Чысылæй нырмæ дзурын сыгъдæг ирон æвзагыл. Абон нæ ног фæлтæрмæ куы акæсай, уæд ирон ныхас нæ фехъусдзынæ, бирæтæ йæ сæ сæрмæ дæр нал хæссынц, сæ фылдæр дзурынц уырыссагау.

Мæ ныййарджытæй дарддæр мын ирон æвзаг бауарзын кодта мæ зынаргъ ахуыргæнæг Баширати Ларисæ. Арæх-иу нын дзырдта: "Мæнмæ стыр худинаг фæкæсы, иннæ республикæты цæрджытæ иууылдæр дзурынц се 'взæгтыл, мах та йæ ахуыр кæнæм".

Æмæ иугæйттæй махæн ницы бантысдзæни, хъуамæ иумæ архайæм, дзурæм нæ мадæлон æвзагыл. Хъыгагæн, Ирыстоны цæрæг ныййарджытæй бирæтæ куыдфæндыйы цæстæй кæсынц мадæлон æвзагмæ, стæй ирон æвзаджы уроктæм. Фæлтау дуне æхцатæ бафиддзысты, цæмæй сæ цот англисаг æвзаг сахуыр кæной. Хæдзары сæ сывæллæттæм иронау нæ дзурынц, ноджы ма сæ алы æфсæнттæй уæгъд кæнынц ирон æвзаджы уроктæй. Елхоттæй дарддæр, дам, нæ хъæуы, зæгъгæ. Уымæ гæсгæ не 'взаг ис тынг æвзæр, тæссаг уавæры. Кæд ма хъæуты дзурынц иронау, æндæр горæтаг адæмæй стæмтæй фехъусдзынæ ирон ныхас. Ныртæккæ фылдæр се 'ргом здахынц æндæр æвзæгтæ ахуыр кæнынмæ, зæгъæм, англисаг, францусаг, немыцаг. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый дæр, æнæмæнг, хъæугæ хъуыддаг у, фæлæ мадæлон æвзаг хъуамæ рохуаты ма баззайа. Адæймаг сабийы бонтæй фæстæмæ цы ‘взагыл фæдзуры, уый фæхоны мадæлон, уымæн æмæ йæ райсы йæ мады æхсыримæ.

Ныртæккæ Ирыстоны æрцæуæг адæм фылдæрæй фылдæр кæнынц. Бирæты фæнды сахуыр кæнын ирон æвзаг, уымæн æмæ сæм кæсы тынг цымыдисаг æмæ рæсугъд. Не 'гъдæуттæ, нæ æрдз, нæ аивад иннæ адæмтæм сæвзæрын кæнынц уарзондзинад... Фæфæнды сæ фæстæмæ æрыздæхын Ирыстонмæ.

Мæ нывæцæны кæрон мæ фæнды зæгъын, кæсы мæм стыр худинаг, ирон зæххыл цæргæйæ, ирон туг хæсгæйæ, мадæлон æвзаг нæ зонын. Мах, æрыгон фæсивæд, хъуамæ бахъахъхъæнæм, нæ рагфыдæлтæй нæм цы рагон хъæздыг æмæ рæсугъд æвзаг æрхæццæ, уыцы мадæлон æвзаг, нæ культурæ æмæ не 'гъдæуттæ.

**ХУЫБЕЦТЫ Кристинæ, ЦИПУ-йы журналистикæйы факультеты 3-æм курсы студенткæ**

Ахудынæн

## Сæуджен ахæм лæг нæу!



Сæуджен æмæ йæ хæдтулгæйы ахастдзинæдты тыххæй дзур æмæ дзур — афтæ бирæ сты. Иу æмæ сыл дыууæ хатты мæгуырбон нæ акæны, фæлæ та сын цыдæр уæларвон тыхтæ феххуыс кæнынц, æмæ, уырыссаджы загъдау, донæй хусæй рагæпп ласынц.

Сæуджен, æвæццæгæн, йæ къæбæргæнæг Зæрæдайæ дæр йæ хæдтулгæ фылдæр уарзы. Æмæ куыд нæ! Æппынæдзух иумæ сты, йæ сусæг ныхæстæ дæр лæг уымæн ракæны, зоны йæ, нæ йæ ауæй кæндзæн, никæмæн сæ радзурдзæн. Сылгоймаг та, уæхæдæг æй хорз куы зонут, йæ дзыхы ницы уромы...

Уæдæ йыл йæ усы сусæгæй цы хæрдзтæ скæны, Зæрæда уый куы зонид, уæд, æвæдза, нартæн дисæгтæ никъкъахид, бинонты хъуырæй æхца цæмæ тоныс, зæгъгæ. Афтæ дæр рауайы, æмæ иуæй-иу хатт Сæуджены къух нæ фæамоны "цæлхдур" аиуварс кæнын, æмæ уæд цъысымы бахауы. ГАИ-йы инспектортæн хуыздæр мацы радт, æрмæстдæр дæм истæмæ сбыцæу уой... Фæлæ фылдæр хатт йæ цыргъ æвзаджы фæрцы фæндаг ссары цъупхудджынты зæрдæмæ дæр.

Зæгъæм, æндæр исчи куы уыдаид, уæд ын ивар йæ тæрныхыл аныхæстаиккой, æмæ дæ капеччытæй райгæ у, фæлæ Сæуджен ахæм лæг нæу! Айфыццаг та йæ дыууæ изæры астæу фæндагыл баурæдта инспектор, йæ гæххæттытæм ын лæмбынæг æркаст, хæдтулгæйыл æрзылд, стæй йæ фæрсы:

— Дæ рахиз фарæ цæуылнæ судзы?

— Нæма йæ фехъуыстай, æвæццæгæн? Ног хæдтулгæ мын у, йæ модель — "Лада-Кутузов".

Инспектор бахудти æмæ йæм йæ лæдзæгæй ацамыдта, ома, дам, ахъуыдты у ардыгæй.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

## Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 3. Хъуымац. 5. Хъæууонхæдзарадон культур. 6. Дзæгъæлдзых. 8. Хор. 11. Фыдыфыд, мадыфыд сывæллоны æвзагæй. 12. Хинайæн фæрæз. 14. Сыджыты хуыз. 16. Уырынгон. 17. Хъуын. 18. Сæг, мила. 20. Кусæнгарз, цыргъгæнæн. 22. Лæхурæг. 24. Хæдоны хай. 25. Хордон. 26. Йæ амондагурæг. 28. Адаг, мæскъ. 29. Кафджыты ансамбл. 30. Бирæгъты бардуаг ирон мифологийы. 31. Аивады хуыз. 32. Хъæууонхæдзарадон культур. 33. Горæт Германы. 34. Музыкалон ансамбл Цæгат Ирыстоны. 37. Америкаг зындгонд боксер. 38. Рæхысы хай. 39. Ставд бæндæн. 42. Стур. 44. Æнгуылдзы хай. 45. Хæрдмæхизæн фæрæз. 46. Дзабырхуыйæджы кусæнгарз. 48. Дынджыр. 50. Арæзтадон æрмæг. 52. Планетæ. 53. Хъæу Дыгургомы. 54. Бындур. 55. Заман. 57. Рындз.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Цыргъгæнæн. 2. Аразæн æрмæг. 3. Дыргъ бæлас. 4. Литературон уацмыс. 6. Хæринаг. 7. Урссаг. 9. Бæласы мыггаг. 10. Рог. 11. Хъæбысæй хæцæг. 12. Хæринагфыцæн дзаума. 13. Нымæц. 15. Дурсудзæн пец. 19. Дунейы хæйттæй иу. 21. Рог къæвда. 22. Цупалджын дыргъ. 23. Зонындзинæдтæ æвдисæн фæрæз. 24. Хуымтæ донæй æфсадæн. 25. Грамматикон хауæн. 27. Нæртон нуæзт. 30. Егъау хайуан. 35. Гæдиаты Секъайы райгуырæн хъæу. 36. Хуылфыдзаума. 38. Хъæддаг маргъ. 40. Æнтæф. 41. Цагъайраг. 43. Тæнæг чъири. 45. Къухы хай. 47. Хус. 49. Бæрцуат. 51. Кусæнгарз. 55. Хæдзары хай. 56. Хæдзарон цæрæгой.

### Дзуаппытæ 29 июлы номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:**
3. Æртæх. 8. Рæдзæгъд. 9. Æрхæндæг. 10. Баландæ. 11. Фæрæт. 12. Туман. 13. "Сидзæргæс". 19. Страус. 20. Гогырæ. 22. Адæг. 23. Тигъ. 24. Хъырым. 25. Гæлæбу. 26. Асæх. 28. Дзау. 29. Тургай. 31. Иварон. 33. Гадзрахат. 37. Сабат. 39. Хæрис. 40. Анегадæ. 41. Камбаркæ. 42. Амазонкæ. 43. Гауыр.

**БЫНЫРДÆМ:**
1. Фæдзæхст. 2. "Гæмæт". 3. Æдзард. 4. Тиранæ. 5. Хæндыг. 6. Лæгæт. 7. Бæгъатыр. 13. Сисамайæг. 14. Зæнг. 15. Рыст. 16. Сæгъгуист. 17. Таурæгъ. 18. Сгæллад. 19. Сахат. 21. Æбузн. 27. Хъаз. 28. Дада. 30. Уацайраг. 32. Олгинскæ. 34. Дæнцæг. 35. Рæгъау. 36. Хæдбар. 38. Теман. 39. Хъызт.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

ХЪУСЫНГÆНИНАГ

Мыггаджы чиныг рауадзыны тыххæй курæм ХЪАЙТЫХЪТЫ мыггаджы минæвæрттæй, уæ хуызистытæ æмæ бинонты историтæ дæдтут Мыггаджы советмæ.

Тел.: 8-918-822-24-73, 8-922-787-77-35.

Произвожу профессиональную обрезку плодовых деревьев. Работает профессионал. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Ремонт холодильников и стиральных машин. Тел.: 8-963-377-80-00; 8-909-476-90-00.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфætæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шефредактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3151.
Заказ № 912.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**